

Asistans Lajan Kach: Poukisa pou w konfòme ak Sipò Timoun NYC?

Kesyon: Kiyès yo mande pou konfòme ak Sipò timoun nan?

Repons: Lalwa Federal ak nan Eta New York egzije ke ou konfòme w ak Sipò timoun nan lè ou gen yon timoun minè sou bidjè Asistans Lajan Kach ou a epi lòt paran timoun nan (paran ki pa gen gad timoun nan) pa sou menm bidjè a. Fè travayè FIA ou a konnen si ou deja genyen yon òdonans sipò timoun pou tout timoun ki nan dosye w la.

Kesyon: Kisa k ap rive si mwen pa konfòme m ak sipò timoun nan?

Repons: Si ou pa konfòme w yo ka diminye avantaj ou yo jan sa parèt annapre a:

- Avantaj Asistans Lajan Kach ou ka diminye de 25% pou pi piti;
- Ou kapab pèdi Medicaid ou an;
- Ou kapab vin pa kalifye pou kèk pwogram asistans pou lwaye oswa yo ka diminye sipleman lwaye w la;
- Ou pap resevwa jiska \$200 pa mwa nan pèman sipò timoun anplis de avantaj Asistans Lajan Kach ou a – epi plis yonfwa ou pa bezwen Asistans Lajan Kach la ankò.

Kesyon: Kilè epi ki kote entèvyou sipò timoun mwen an ap fèt?

Repons: Tanpri gade nan avi randevou a yo te voye ansanm ak korespondans sa a.

Si w pa wè kote w mete l, ou bezwen plis enfòmasyon, ou prefere yon randevou vityèl, oswa ou bezwen repwograme randevou w la, tanpri kontakte Biwo lokal Sipò timoun nan Awondisman w lan. Jwenn Biwo Awondisman lokal ou a sou <https://on.nyc.gov/contactocss>. Pou w repwograme yon randevou oswa mande yon randevou vityèl tanpri rele nou omwen 24 èdtan alavans.

Kopi ak tradiksyon sa a ak tout dokiman yo fè referans ak yo ladann disponib sou <https://on.nyc.gov/custodialparent> oswa itilize kòd QR ki pi ba a.



Kesyon: Èske sipò timoun pou nan ka eskize m?

Repons: Pi ba a w ap jwenn kèk egzanp sou rezon ki ka fè yo eskize yon moun nan sipò timoun nan swa tanporèman oswa an pèmanans. Menmsi w tonbe nan youn nan kategori sa yo, ou dwe ale nan randevou sipò timoun ou an pou w eksplike sitiyasyon w epi diskite sou pwochen etap yo.

- Ou gen preyokipasyon pou sekirite tèt ou ak/oswa pitit ou a (yo) si lòt paran an vin nan tribinal epi jwenn lòd pou l peye sipò timoun nan. Jwenn plis enfòmasyon nan <https://on.nyc.gov/custodialparent> anba “Getting Child Support Safely”.
- Pitit ou te fèt nan yon gwosès akòz ensès oswa kadejak.
- W ap kolabore avèk yon ajans adopsyon pou fè adopte pitit ou a.

 Anvan ou ale nan randevou w la, tanpri li ni **“LDSS-4279 Avi sou Responsablite ak Dwa pou Sipò”** ni **“W-280a Enfòmasyon pou tout moun ki ka aplike pou sipò timoun konsènan fason pou yo jwenn sipò timoun san danje”**. Si ou gen nenpòt enkyetid sou sekirite aprè ou fin li dokiman sa yo, tanpri kontakte travayè FIA ou an, ki pral refere ou bay yon Lyezon Vyolans nan Kay HRA. Ansanm ou kapab deside si sipò timoun san danje pou ou ak fanmi ou.

Èske w bezwen èd?

Tanpri vizite oswa kontakte Biwo Awondisman lokal ou a. Jwenn Biwo Awondisman lokal ou a sou <https://on.nyc.gov/contactocss>.

Kopi ak tradiksyon sa a ak tout dokiman yo fè referans ak yo ladann disponib sou <https://on.nyc.gov/custodialparent> oswa itilize kòd QR ki pi ba a.

